



SÈVIS TRADIKSYON AK ENTÈPRETASYON POU FANMI

Nan Distrik Eskolè Holyoke Public la, nou vle tout paran ak responsab legal elèv yo pwofite nan yon patisipasyon tout bon nan edikasyon pitit yo. Pèsonn pa dwe genyen pou mande fanmi, ni zanmi, ni pitit ede li nan pwoblèm lang, pou rive kominike avèk lekòl la. Sèvis lang lan ede paran ak responsab legal ki pa konn pale angle byen kominike aklè avèk pèsonnèl lekòl la. Gid sa a esplike prensip sèvis lang lan, ak pwosedi nou swiv pou fè tradiksyon (ekri) ak entèpretasyon (pale) pou tout fanmi ki bezwen yo. Si ou gen nenpòt kesyon, oswa plent, oswa kòmantè, rele nan nimewo ki ekri anba paj la.

1. Gade ki Paran ki Bezwen Sèvis Tradiksyon ak Entèpretasyon

- Pandan peryòd enskripsyon pou chak lane, Distrik Eskolè a resevwa repons pou yon Sondaj sou Lang Fanmi an Pito Pale (*Family Language Preference Survey*) ([ou ka jwenn si ou klike isit la](#)) ki nan dosye enskripsyon an.
- Si bezwen fanmi ou chanje sou kesyon lang, ou mèt mande sèvis tradiksyon ak entèpretasyon nenpòt lè ou kontakte pèsonnèl biwo a, oswa direktè a, oswa pwofesè a nan lekòl pitit ou.
- Distrik Eskolè a pral respekte chwa fanmi ou fè pou lang, epi l ap kontinye obsève li jouktan paran oswa responsab legal elèv la fè konnen aklè li vle chanje lang.

2. Tradwi tout Dokiman Enpòtan sou Edikasyon

- Tout dokiman Distrik Eskolè a konpoze ak mete nan pòtay entènèt li, menm jan ak dènye nouvel direktè jeneral la voye bay fanmi yo, pral disponib nan lang angle ak panyòl, epi nan nenpòt ki lang yon moun vle mande.
- Distrik Eskolè a pral tradwi dokiman, tankou kànè nòt ak fòmilè konsantman, nan nenpòt ki lang, pou nenpòt ki elèv ki gen paran ki pa pale angle byen.
- Si ou resevwa yon dokiman enpòtan ki pa tradwi, tanpri kontakte lekòl ou pou mande youn ki tradui.

3. Entèprèt pou Konvèsasyon Enpòtan ant Manm Pèsonnèl la ak Fanmi yo

- Tout rankont Distrik Eskolè a ògànize oubyen parennen, tankou konferans, prezantasyon, aktivite, ak konferans ki pwograme ant paran ak pwofesè pral genyen entèprèt ki pare, pou lang panyòl.
- Distrik Eskolè a pral bay yon entèprèt oswa yon manm pèsonnèl la ki pale plizyè lang pou rankont, odisyon, oswa entèvyou ki anrapò avèk ankèt oubyen demann enfòmasyon, lè kapab genyen yon elèv ki vyole règleman, règ, oswa pwosedi lekòl li, oubyen lè kapab gen sanksyon disiplinè ki pran.
- Si lang prensipal ou pa ni angle ni panyòl, epi ou vle vini nan yon aktivite lekòl oubyen distrik la, oubyen si ou vle vin pale avèk pwofesè pitit ou oswa direktè lekòl la, fè pèsonnèl lekòl la konnen sa omwen yon semenn davans, pou kite ase tan pou fè aranjman pou sèvis entèprèt.

4. Okipe Elèv ki Andikape

- Annakò avèk egzijans pou edikasyon espesyal yo, Distrik Eskolè a pral bay sèvis tradiksyon ak entèpretasyon pou paran ak responsab legal ki pa pale angle byen, si elèv la andikape.
- Distrik Eskolè a pral remèt Plan Edikasyon Pèsonnèl la (*Individualized Education Plan*) bay fanmi an mwens pase 10 jou anvan dat rankont lan. Si paran yo fè demann lan nan yon tan rezonnab, Sèvis Elèv la (Pupil Services) ap tradwi rapò analiz oswa evalyasyon yo omwen 2 jou anvan dat rankont avèk ekip la.
- Distrik Eskolè a pa pral mande okenn paran, ni responsab legal ki pa konprann angle byen pou yo siyen yon *Individualized Education Plan* ni okenn lòt dokiman ki anrapò avèk edikasyon espesyal, sòf si paran oswa

responsab legal la resevwa dokiman an nan lang prensipal li, oubyen si gen yon entèprèt ki tradwi dokiman an pou li anvan li siyen.

Ekip Tradiksyon nan Sèvis Elèv (Pupil Services Translation Team) (413) 512-5358

Kreyòl Ayisyen